

Chwa a se pa nou

Pa Prezidan Thomas S. Monson

Nou chak vin sou tè sa a avèk tout zouti nou bezwen pou n fè chwa ki kòrèk.

Frè byenneme m yo nan prèttriz la, mwen sensèman priye aswè a pou m resevwa èd Papa nou ki nan Syèl la pou m kapab eksprime bagay sa yo mwen santi m enspire pou m pataje avèk nou yo.

Sa pa fè lontan, m t ap panse sou chwa ak konsekans yo. Li ra pou menm inèdtan pase san nou pa oblije fè yon chwa nan yon fason oubyen yon lòt. Kèk chwa pa enpòtan, kèk lòt pi enpòtan. Gen kèk ki pa fè okenn diferans nan etènite a, men gen lòt ki fè *tout* diferans la.

Lè map kontanple diferant aspè chwa yo, mwen divize yo an twa kategori: premyèman, *dwa* pou nou fè chwa; dezyèmman, *responsablite* chwa yo; epi twazyèmman, *rezilta* chwa yo. Mwen rele yo an Anglè twa R chwa yo.

Premyèman, m ap mansyone *dwa* pou fè chwa a. Mwen tèlman rekonesan anvè yon emab Papa nou ki nan Syèl la pou kado libabit Li banou, oubyen *dwa* pou nou chwazi. Prezidan David O. McKay, nevyèm Prezidan Legliz la, te di, “ Akote resevwa lavi a limenm, *dwa* pou dirije lavi sa a se pigran kado Bondye bay lòm.”¹

Nou konnen nou te gen libabit nou anvan mond sa a te kreye epi Lisifè te tante pou retire l nan men nou. Li pa t gen konfyans nan prensip libabit la oubyen nan noumenm e li te goumen pou l te enpoze sali a. Li te ensiste ke avèk plan li a okenn moun pa t ap pèdi, men li sanble li pa t rekonèt---oubyen petèt li pa t sousye--ke anplis desa, okenn moun pa t ap ni pi saj, ni pi fò, ni gen plis konpasyon oubyen plis rekonesans si nou te swiv plan li a.

Noumenm ki te chwazi plan Sovè a nou te konnen nou t ap anbake nan yon vwayaj difisil ak danjere, paske n ap mache sou chemen mond lan epi fè erè ak peche, k ap detache nou de Papa nou. Men Premyene nan Lespri a te ofri tèt li an sakrifis pou rachte peche nou tout. Atravè soufrans terib Li te vini gran Redanmtè a, Sovè tout limanite, konsa Li rann li posib pou nou retounen al jwenn Papa nou.

Pwofèt Leyi te di nou: “Sepoutèt sa, lèzòm lib dapre kò fizik la; e yo resevwa tout bagay ki nesèsè pou moun. Epi yo lib pou yo chwazi libète ak lavi etènè pa mwayen fran Medyatè a ki pou tout moun nan, oubyen yo kapab chwazi kaptivite ak lanmò, dapre kaptivite ak pouvwa dyab la; paske li chèche pou l fè tout moun mizerab tankou tèt pa l.”²

Frè m yo, andedan kèlkeswa sikonstans nou kapab twouve nou, n ap toujou gen *dwa* pou nou chwazi.

Dezyèmman, avèk *dwa* pou nou chwazi a vini *responsablite* pou chwazi. Nou pa kapab rete neutre; pa gen okenn netralite. Senyè a konnen sa, Lisifè konnen sa. Toutotan n ap vi sou tè sa a, Lisifè ak lame l yo pap janm abandone espwa pou reklame nanm nou.

Papa nou ki nan Syèl la pa t voye nou nan vwayaj etènèl nou an sa li pa t banou mwayen nesèsè nou ta kapab resevwa nan menm li kòm gidans pou ede nou retounen an sekirite alafen lavi motèl la. M ap pale de

lapriyè. M ap pale de chichotman ki soti nan ti vwa piti a ki andedan nou chak la tou, e m pa bliye ekriti sent yo, ki te ekri pa moun ki te travèse menm lavi mòtèl sa a ki nou menm tou nou dwe travèse a epi k te reyisi.

Nou chak vini sou tè sa a avèk tout zouti ki nesèsè pou nou fè bon chwa. Pwofèt Moroni di nou, “Tout moun gen Lespri Kris la pou yo kapab konnen sa ki byen ak sa ki mal.”³

Nou antoure---pafwa menm bonbade--- pa mesaj advèsè a. Tande kèk nan yo; pa gen dout ke yo familye pou nou: “Fè sa yon fwa sèlman se pa anyen.” “Pa bay tèt ou pwoblèm; pèsonn p ap konnen.” “Ou ka sispann fimen, oswa bwè, oswa pran dwòg nenpòt kilè ou vle.” “Tout moun ap fè l, li pa ka pa bon.” Mansonj yo san fen.

Menm si nan vwayaj la n ap rankontre pant ak koub sou wout la, nou senpleman pa kapab pèmèt nou liks pou fè yon detou kote nou gen dwa pa janm kapab retounen. Lisifè ki se yon mèt nan riz, ap jwe tout mizik li konnen pou rale moun ki pa mefye l yo ale lwen sekirite sekirite chemen yo chwazi a, lwen konsèy paran eman yo, lwen sekirite ansèyman Bondye yo. L ap chèche non sèlman moun ki swadizan san enpòtan pou limanite yo, men tou, l ap chèche nou tout, enkli menm eli Bondye yo tou. Wa David te koute, li te febli, e apres li te swiv epi l te tonbe. Menmjan ak Kayen nan premye tan yo, ak Jida Iskaryòt nan apre. Metòd Lisifè yo rize, li fè anpil viktim.

Nou li nan 2 Nefi: “Epi gen lòt mouun li pral fè lapè, pou l andòmi yo nan sekritie chanèl.”⁴ “Gen lòt moun li pral flate, li pral di yo pa gen lanfè, jistan li mare yo avèk chenn terib li a.”⁵ Se konsa dyab la pral vòlè nanm yo, pou l mennen yo desann nan lanfè.”⁶

Lè nou rankontre avèk gran chwa enpòtan sa yo, kijan pou nou deside? Èske nou sikonbe anba pwomès plezi moman an? anba bezwen nou ak pasyon nou? anba presyon zanmi nou yo?

Annou pa rete ezitan menmjan ak Alis nan istwa Lewis Carrol la, *Alice au pays des merveilles*. Na sonje ke li te rive nan yon kafou ki te gen de chemen devan li, yo chak te bay nan diferant direksyon. Li te rankontre avèk yon chat Cheshire, e Alice te mande l: “Ki wout pou m fè?”

Chat la te reponn: “Sa depan ki kote ou vle ale. Si w pa konn ki kote ou vle ale, li pa enpòtan pou konn ki wout pou w fè.”⁷

Kontrèman avèk Alice, nou tout konnen ki kote nou vle ale, epi *li enpòtan* pou n konnen ki wout pou n pran, paske nan chwazi chemen nou, nou chwazi destinasyon nou.

Desizyon yo toujou devan nou. Pou nou pran bon desizyon, nou bezwen kouraj. Kouraj pou nou di non, kouraj pou nou di wi. Wi, desizyon *detèmine* destine.

Mwen priye nou pou n pran yon detèminasyon kote nou ye la a, kounyeya, pou nou pa devye nan chemen k ap mennen nou nan objektif nou an: ki se, lavi etènèl avèk Papa nou ki nan Syèl la. Toutolon chemen dwat ak etwat sa a genyen lòt objektif: sèvis misyonè, maryaj nan tanp, aktivite Legliz, etid ekriti, priyè, travay tanp. Gen anpil objektif ki diy pou nou atenn pandan n ap vwayaje atravè lavi a. Se angajman nou bezwen pou nou akonpli yo.

Finalman, frè m yo, m ap pale de *rezilta* chwa yo. Tout chwa nou gen konsekans, kèk ladan yo gen yon tikras oubyen pa gen anyen pou wè avèk sali etènèl nou, epi gen lòt ki gen *tout bagay pou wè* avèk li.

Si ou mete yon mayo vèt oubyen yon mayo ble sa pa fè okenn diferans. Sepandan, deside peze yon bouton sou yon konpitè k ap mennen w sou yon sit pòno kapab fè *tout* diferans la nan lavi nou. Se egzakteman yon pa ou fè pou soti nan chemen dwat sekirite a. Si yon zanmi ap ba ou presyon pou ou bwè alkòl oubyen eseye dwòg epi ou sikonbe anba presyon an, ou pran yon detou ki gen dwa fè w pa retounen. Frè m yo, keseswa nou se yon dyak ki gen douzan oubyen yon granprèt ki gen matirite, nou tout kapab tante. Se pou nou kite je nou, kè nou, ak detèminasyon nou fikse sou objektif sa a ki etènèl la epi ki vo nenpòt pri n ap gen pou peye, kèlkeswa sakrifis nou dwe fè pou nou atenn ni.

Pa gen tantasyon ni presyon, ni anvi ki kapab depase nou si nou pa pèmèt sa. Si nou fè yon move chwa, nou pa dwe blame okenn lòt moun ke pwòp tèt pa nou. Yon fwa Prezidan Brigham Young te eksprime verite sa a nan yon konparezon ak pwòp tèt pa li. Li te di: “Si Frè Brigham pran yon move chemen, epi yo mete l deydò nan Wayòm syèl la, li pa gen lòt moun pou l blame, sof Frè Brigham. Mwen se sèl kretyen vivan nan syèl la, sou tè a, oubyen nan lanfè pou yo blame.” Li te kontinye: “Sa aplike egalman pou tout Sen Dènne Jou. Sali se yon operasyon endividyèl.”⁸

Apot Pòl asire nou: “Tout tantasyon nou jwenn sou chemen nou, se menm kalite tantasyon tout moun jwenn sou chemen yo tou. Men, Bondye li menm toujou kenbe pawòl li: li p'ap kite yo tante nou yon jan ki depase sa nou ka sipòte. Men, lè nou va anba tantasyon an, la ban nou fòs pou nou ka sipòte l', pou nou ka soti anba li.”⁸

Nou tout fè move chwa. Si nou poko korije chwa sa yo, mwen asire nou gen yon mwayen pou nou fè sa. Pwosesis la rele repantans. M ap mande nou tanpri pou nou korije erè nou yo. Sovè nou a te mouri pou bay oumenm avèk mwen kado beni sa a. Byenke chemen an pa fasil, pwomès la reyèl: “Menm si peche nou yo ta tache wouj kou san sou tout kò nou, m ap lave nou. M ap fè nou vini blan kou lanèj.”¹⁰ “E mwen menm, Senyè a mwen pap sonje yo ankò.”¹¹ Pa mete lavi etènèl nou andanje. Si nou peche, pi bonè nou kòmanse pran chemen pou retounen an, se pi vit n ap jwenn lapè ak lajwa ki vini avèk mirak padon an.

Frè m yo, nou gen yon eritaj nòb. Lavi etènè nan wayòm Papa nou kin nan Syèl la se objektif nou. Yon objektif konsa paka atenn nan yon sèl eseye, men olyedesa, li se rezilta tout yon lavi ladwati, yon rasanblaj bon chwa, menm yon konsistans nan objektif nou. Menmjan ak nenpòt bagay ki gen valè, rekonpans lavi etènèl la mande efò.

Ekriti yo klè:

“Veye kò nou pou nou viv jan Senyè a, Bondye nou an, te mande nou viv la. Pa vire ni adwat ni agoch.

“Na mache dwat nan chemen Bondye nou an, Senyè a, mete devan nou an.”¹²

Pou m tèmine, kite m pataje avèk nou egzanp yon moun ki te detèmine bonè nan lavi li kisa objektif li t ap ye. M ap pale de Frè Clayton M. Christensen, yon manm Legliz la ki se yon pwofesè biznis administrasyon nan lekòl biznis nan Inivèsite Havard.

Lè l te gen 16zan, Frè Christensen te deside, pami lòt bagay yo, ke l pa t ap jwe espò jou Dimanch. Anpil ane apre, lè li te ale nan Inivèsite Oxford nan Angletè, li te jwe sant nan ekip baskètbòl la. Ane sa a yo te gen yon sezon san defèt e yo te antre nan tounwa kolèj Baskètbòl Anglè a ki menm ak tounwa NCAA nan Etazini a.

Yo te genyen jwèt yo trè fasil nan tounwa a, sa ki te fè yo rive pami kat final yo. Sete lè sa a Frè Christensen te gade nan orè a epi, li te sezi pou wè final baskètòl la te fikse pou l jwe yon Dimanch. Limenm ak ekip la te travay trè di pou yo te rive kote yo te ye a, epi sete li menm ki te jwè sant ki pou kòmanse jwèt la. Li te ale kote abit li a avèk pwoblèm nan. Abit la pa t gen okenn konpasyon pou sa epi l te te di Frè Christensen l ap ret tann ni pou jwe jwèt la.

Sepandan, anvan final la, te gen yon semi final. Malerezman zepòl jwè ki te jwe sant la nan rezèv la te dejwente, sa ki te mete plis presyon sou Frè Christensen pou l jwe final la. Li t ale nan chanm otèl li a epi li te mete ajenou, li te mande Papa nou ki nan Syèl la si sa t a pake pou, jis fwa sa a, li ta jwe jou Dimanch sa a. Li di ke anvan l te fini priyè a, li te resevwa repons la: “Clayton, kisa menm w ap mande m la a? Ou konn repons la deja.”

Li te ale kote abit la, l te di l konbyen li regrèt ke li pa t ap kapab jwe nan final la. Apre sa li t al nan reyinyon Dimanch yo nan pawas kote l te ye a pandan ke ekip li a t ap jwen san limenm. Li te priye pou yo te genyen. Yo te genyen.

Gwo desizyon desizif sa a te fèt sa gen plis pase trantan. Frè Christensen di ke, amezi tan ap pase, li konsidere l kòm youn nan desizyon pi enpòtan li te janm pran. Li t ap byen fasil pou di: “Nou konnen, an jeneral, sanktifye jou Saba a se bon kòmandman an, men nan sikonstan patikilyèman eksepsyonèl mwen te ye a, sa te oke pou m jwe, jis fwa sa a sèlman” Sepandan, li di tout lavi l vin yon seri sikonstans eksepsyonèl san fen, e si l te soti nan liy nan jis fwa sa a sèlman, pwochèn fwa yon bagay t ap vini ki t ap pi ijant ak pi kritik, li t ap si fasil pou l sòti nan liy nan ankò. Leson li te aprann nan sèke li pi fasil pou respekte kòmandman yo 100% tout tan pase 98% tan.

Frè byenneme m yo, se pou nou ranpli ak gratid pou *dwa* pou n chwazi a, aksepte *responsablite* chwa yo, epi toujou konsyan de *rezilta* chwa yo. Antanke detantè prètriz, si nou tout ini ansanm fè youn, nou kapab kalifye pou resevwa enliyans gidans Papa nou ki nan Syèl la pandan n ap chwazi ak prekosyon epi kòrèkteman. Nou angaje nan travay Senyè a, Jezikri. Nou menm, menmjan avèk moun ansyen tan yo, reponn apèl li a. Nou nan travay li. Nou dwe reyisi nan misyon sakre sa a: “Nou dwe pwòp, nou menm k ap pote veso Senyè a.”¹⁴ Mwen priye enbleman pou nou kapab fè sa konsa, nan non Jezikri, Mèt nou an, amèn.

Nòt

1. *Teachings of Presidents of the Church: David O. McKay* (2003), 208.
2. 2 Nefi 2:27.
3. Mowoni 7:16.
4. 2 Nefi 28:21.
5. 2 Nefi 28:22.
6. 2 Nefi 28:21.
7. Adapte soti Lewis Carroll, *Alice's Adventures in Wonderland* (1898), 89.
8. *Teachings of Presidents of the Church: Brigham Young* (1997), 294.
9. 1 Korentyen 10:13.
10. Ezayi 1:18.
11. Doktrin ak Alyans 58:42.

12. Detewonòm 5:32–33.
13. Gade Clayton M. Christensen, “Decisions for Which I’ve Been Grateful” (Brigham Young University–Idaho devotional, June 8, 2004), www.byui.edu/presentations.
14. Ezayi 52:11.